

COVID-19: Jwenn Asistans atravè Maine DHHS

Pandan sityasyon sa a ki nan evolasyon rapid avèk COVID-19 (nouvo kowonaviris 2019), Depatman Sante ak Sèvis Imen Maine [Maine Department of Health and Human Services (DHHS)] ap chanje sèten fason nap aji avèk piblik la, men nou rete angaje pou asire ke rezidan Maine yo gen resous yo bezwen pou viv an bòn sante epi gen yon lavi ki pwodiktiv.



Mizajou: 19 Mas 2020

Asistans Tanporè pou Fanmi ki gen Bezwen èd yo [Temporary Assistance for Needy Families (TANF)]

Si ou gen difikilte pou satisfè bezwen debaz pitit ou yo, ou kapab elijib pou **Asistans Tanporè pou Fanmi ki bezwen èd yo**. Pwogram sa a bay yon benefis lajan kach tanporè pou ede paran yo reponn a bezwen yo.

Sipleman Manje

Si ou gen difikilte pou bay tèt ou manje oswa fanmi w, ou ka elijib pou benefis **Sipleman Manje**. Sipleman manje ap ede moun ki gen revni fèb yo achte manje yo bezwen pou yo rete an bòn sante.

Asistans Swen Sante

Si oumenm oswa yon manm fanmi w pa gen swen sante oswa gen difikilte avèk peman swen sante, ou ka elijib pou **Asistans Swen Sante**. Asistans Swen Sante, gen ladan, MaineCare, CubCare ak Pwogram ki nesèsè Medikalman, bay peman pou founisè swen sante yo.*


Èd Ijans bay benefis pou fanmi yo ki gen timoun nan sityasyon ijans espesyal lè fanmi an menase pa destitasyon oswa sanzabri. Sityasyon sa a gen ladan dife, lòt katastwòf natirèl, tèminasyon sèvis piblik, oswa degèpisman. Yo ka otorize peman sèlman yon fwa pa ane e yo peye dirèkteman bay yon founisè.

Sibvansyon pou Swen Timoun

se yon pwogram Biwo Sèvis Timoun ak Granmoun jere kap ede peye pou fanmi ki elijib yo pou gadri timoun kidonk yo kapab ale travay, ale lekòl oswa patisipe nan yon pwogram fòmasyon travay. Vizite <https://www.maine.gov/dhhs/ocfs/ec/occhs/step.htm> oswa rele 1-877-680-5866 pou aplike.

Èd Jeneral se yon pwogram ki jere atravè minisipalite yo ki achte nesèsite pou moun yo ki pa gen mwayen pou peye. Ou ka fè peman pou Asistans Jeneral nan nenpòt Biwo minisipalite lokal. Vizite www.211maine.org oswa konpoze **211** pou w jwenn koneksyon avèk resous yo nan kominote a..

* Si ou pèdi kouvèti asirans sante ke ou te genyen nan travay ou, e ou **pa** kalifye pou MaineCare, ou ka kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Spesyal pou achte yon plan asirans sante atravè HealthCare.gov. Selon revni fanmi w, ou ka kalifye pou èd finansye nan gouvènman federal la pou fè prim yo vin pi a bon mache. Pou aprann plis epi verifye si ou kalifye, vizite CoverME.gov.



Biwo pou Endepandans Fanmi

Biwo pou Endepandans Fanmi trete aplikasyon yo ak determine elijiblite pou diferan pwogram ak benefis DHHS anplis pou bay sèvis sipò pou timoun.

Kontak:

Lapòs:

114 Corn Shop Ln,
Farmington, ME 04938

Fakse: 207-778-8429

Telefòn: 1-855-797-4357

Imèl:

Farmington.dhhs@maine.gov

Kijan pou Aplike pou Benefis yo:

Aplike sou entènèt nan www.maine.gov/mymaineconnection

Voye yon aplikasyon nan 114 Corn Shop Lane, Farmington, ME 04938

Fakse yon aplikasyon nan 207-778-8429

Imèl yon aplikasyon nan Farmington.dhhs@maine.gov

Depoze oswa ranpli yon aplikasyon nan biwo lokal DHHS ou. Pandanke yap aksepte dokiman say o, moun yo ki bezwen plis èd ta dwe rele nimewo telefòn ki anwo a epi pale avèk yon ajan.

Aplike nan telefòn avèk yon Espesyalis ki kalifye (sa a se sèl opsyon pou aplikasyon MaineCare. Se poko yon opsyon pou Sipleman Manje oswa TANF).

Vizite www.211maine.org oswa rele 211 pu w jwenn plis enfòmasyon sou COVID-19 ansanm avèk sipò tankou sipleman manje pou Fanm, timoun piti, ak timoun (WIC), Asistans Jeneral, Asistans Lojman, Resous swen timoun, ak pwogram piblik yo.